

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama “Dayeuh Simpé” Karya Lugiena De” miboga tujuan pikeun nganalisis analisis struktur carita drama, struktur formal naskah drama jeung, psikologi sastra. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De. Nu disusun pikeun nambahan pangdeudeul bahan panalungtikan pikeun panalungtikan sastra, hususna kagiatan maca naskah drama. Dina ieu panalungtikan, tiori anu digunakeun medar struktur naskah drama “Dayeuh Simpé” aya dina struktur carita drama anu diwangun ku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Salian éta struktur formal naskah drama “Dayeuh Simpé” ogé diwangun ku prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, babak, adegan, jeung epilog. Sarta dianalisis ogé ku psikologi sastra anu diwangun ku *id*, *égo*, jeung *superégo*. Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta deskriptif analisis jeung ngagunakeun instrumén panalungtikan nyaéta kartu data struktural jeung kartu data psikologi sastra

Struktur carita drama ngawengku tema, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina naskah drama “Dayeuh Simpé” nyaéta moral manusa salaku mahluk ciptaan Gusti Pangeran, Lalaki ngarasa yén sakabéh mahluk ciptaan Gusti Pangeran pasti miboga maksud jeung tujuan hirup di alam dunya, moal sakama-kama diciptakeun lamun euweuh maksud jeung tujuanana. Lalaki teu manggihan jawaban dina sakabéh pasualan hirup salila cicing di dunya, jadi manéhna ngarasa hirup téh ngan saukur ngadagoan paéh. Alur dina ieu naskah drama diwangun ku eksposisi, komplikasi, klimaks, résolusi, jeung konklusi. Tokoh anu aya dina ieu naskah drama nyaéta Lalaki, Patugas Kabersihan, Salaki, jeung Pamajikan, tokoh di dieu kabagi jadi dua aya tokoh utama jeung tokoh tambahan. Tokoh utamana nyaéta Lalaki, sarta tokoh tambahanna nyaéta Patugas Kabersihan, Salaki, jeung Pamajikan. Aya ogé latar anu ngawengku latar waktu (*historis*) jeung latar tempat (*geografis*). Latar tempat (*geografis*) dina ieu naskah drama nyaéta sisi parapatan, jero imah, korsi panjang jeung téras imah. Sedengkeun latar waktu (*historis*) dina

ieu naskah drama nyaéta harita, ayeuna, kamari, jeung baheula. Hal ieu katitén ku ayana gaya basa anu kapanggih dina ieu naskah drama “Dayeuh Simpé” aya lima (5) nyaéta babasan jeung paribasa, ngaumpamakeun, sindir, ngasor, jeung kadalon.

Struktur formal naskah drama dina naskah drama “Dayeuh Simpé” ngawengku prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, adegan, babak, jeung epilog. Prolog atawa bubuka carita dina ieu naskah drama ngagambarkeun latar tempat jeung suasana nu pinuh ku kasimpé. Di mana Lalaki nangtung di sisi parapatan maké baju rapih. Dialog dina ieu naskah drama aya lima (5) antara Lalaki, Patugas Kabersihan, Salaki, jeung Pamajikan. Naskah drama “Dayeuh Simpé” kaasup kana drama sababak, ku sabab dina unggal adegan ngan ukur situasi anu robah. Dina ieu naskah kapanggih aya sababara wawancang jeung kramagung anu ngawengku sakabéh adegan namung teu kapanggih ayana kalimah anu nunjukeun *aside*, lian ti éta aya sababaraha solilokui dina ieu naskah dina unggal adegan. Epilog naskah drama “Dayeuh Simpé” nyaritakeun Lalaki anu geus mulai bingung kumaha cara kaluar ti tempat anu simpé jeung manéhna mikir hayang gantung diri waé, tapi teu tungtungna mah teu jadi ngadon cicing salilana.

Aspék psikologi sastra dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De. sakabéh tokoh miboga aspék psikologi sastra nyaéta, *id*, *égo*, jeung *superégo*. Dina jalma pasti miboga aspék-aspék éta dina dirina sorangan, anu ngabédakeun unggal jalma miboga aspék anu leuwih dominan ti *id*, *égo*, atawa *superégo*-na. Lalaki anu hayang kaluar ti tempat anu simpé kagambarkeun dina watek jeung kaayaan manéhna anu geus teu sabar jeung bingung lantaran teu apal naha manéhna bisa datang kadinya jeung naha manéhna ujug-ujug bisa ka tempat simpé éta. Kitu ogé Patugas Kabersihan anu miboga sipat wijaksana sarta bisa jadi penengah ti sagala masalah anu karandapan ku Lalaki, lantaran Patugas Kabersihan saényana tokoh meunang nyieun tokoh Lalaki éta sorangan, tokoh Patugas Kabersihan téh sisi lain dina diri Lalaki anu leuwih positifna. Éta hal katitén jelas tina aspek *id* jeung *superégo*. Kitu ogé tokoh Salaki jeung Pamajikan anu miboga kahayang kaluar ti tempat éta, tapi cara nu dipaké ku Salaki jeung Pamajikan pikeun kaluar ti tempat simpé téh salah, kalah maké cara maéhan diri ku cara ngagantung manéhna. Katitén jelas tina aspék *id*, *égo* jeung *superégo* ti tokoh Salaki jeung Pamajikan.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Dayeuh Simpé” mangrupa salasihiji karya sastra Sunda anu di jerona loba amanat anu bisa dijadikeun conto dina kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina tiori-tiori anu aya patalina jeung objek panalungtikan atawa pamarekan panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salasihijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda.

Kamekaran karya sastra Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salasihiji tarékah ngawanohkeun sastra Sunda hususna ka para generasina satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Lian ti éta, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan *Ulukan Struktural Jeung Psikologi Sastra Dina Naskah Drama “Dayeuh Simpé” Karya Lugiena De* dilaksanakeun. Panalungtikan ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

- 1) Mahasiswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah kritik sastra tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan-panalungtikan satuluyna.
- 2) Panalungtikan sarupa anu maluruh psikologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbang mah sangkan kapanggih aspék psikologi sastra dina karya-karya sastra séjén jeung pangaran séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra.
- 3) Lembaga paélmuan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang naskah drama.